



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS YO POU PREPARE RESOUS POU REpons
IJANS PISKE GEN PREVIZYON POU DEPRESYON TWOPIKAL IDA FRAPE ETA
NEW YORK AK GWO LAPLI AK INONDASYON KI POSIB**

***Zòn nan Vil New York, Long Island, Southern Tier, Mid-Hudson ak Distri Kapital
yo ka obsève sis pous lapli oswa plis jiska jedi, k ap kreye risk pou kondisyon
deplasman danjere ki posib***

Yo prevwa gwo loraj ak rafal van ap afekte zòn sid eta a jiska jedi maten

Gouvènè Kathy Hochul te mande ajans eta yo prepare resous pou repons ijans yo akòz yo prevwa konsekans Ouragan Ida yo ap kouvri rejyon sid eta yo ak sis pous lapli oswa plis apati jodi a epi y ap kontinye jiska jedi, ki posib pou lakoz inondasyon rapid ak kondisyon depasman ki danjere nan plizyè kote. Vil New York, Long Island, ak zòn nan Southern Tier, Mid-Hudson Valley ak Distri Kapital yo ta ka obsève jiska sis pous lapli, avèk plis kantite nan nivo lokal akòz pasaj Ida atravè rejyon an. Li posib tou pou gen gwo loraj ak rafal van jiska jedi maten, ansanm ak menas pou gen yon tònad izole espesyalman pou rejyon sid eta a yo. Yo prevwa pou Ida deplase rapidman vè nòdès ak lapli k ap fini nan pòsyon lès eta a jedi swa. Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo pou kontwòle previzyon lokal ak kondisyon meteyo yo depre epi swiv òdonans ijans posib ki soti anvan oswa pandan tanpèt yo. Ajans ak otorite Eta New York yo te angaje minisipalite lokal ak patnè yo epi yo rete prè pou reponn jan sa nesèsè.

"Yo prevwa pou konsekans Ouragan Ida yo afekte zòn sid eta a ak kèk pati nan lès eta a, ki enkli Vil New York, Long Island, ak kèk pati nan Southern Tier, Mid-Hudson Valley, ak rejyon Kapital yo, ak gwo lapli ak inondasyon rapid ki posib jiska jedi," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Byenke nou pa prevwa resevwa pi gwo lapli oswa van fòs twopikal ki te afekte eta tankou Louisiana ak Mississipi, nou ka obsève apeprè sis pous lapli nan kèk pati nan New York pandan Depresyon Twopikal Ida a kontinye ap deplase vè nòdès. M ap ankouraje moun nan zòn previzyon gwo lapli yo prepare yo pou kondisyon inondasyon epi rete an sekirite. Si ou bezwen deplase, tanpri pran prekosyon epi verifye kondisyon meteyo lokal yo dabò."

Dapre Sèvis Meteyo Nasyon la, yo prevwa konsekans Ida ta lakoz yon bès Twopikal k ap apwoche eta a apati mèkredi, k ap pote gwo lapli k ap kontinye jiska jedi apre midi. Yo prevwa lapli sis pous toupatou pou zòn nan sid eta a ak kantite ki pi gwo lokalman, ki gen chans pou pote inondasyon rapid, espesyalman nan zòn ki toupre rivyè ak flèv yo. Zòn nan nò eta yo ta ka resevwa jiska twa pous lapli vè jedi.

Yo te bay alèt pou inondasyon rapid jiska jedi apre midi pou plizyè kote atravè eta a. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou avi meteyo, alèt ak avètisman yo nan zòn ou an, vizite [sitwèb](#) Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta a pare pou li entèvni avèk plis pase 3,150 sipèvizè ak operatè disponib nan Eta a. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesèsè (inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Sistèm Kòmand Ensidan DOT 24/24 la ap aktive pou jesyon repons pandan tout evènman an.

Aktyèlman, ekipaj rejyonal yo angaje nan preparasyon repons nan ka lapli, inondasyon, ak debri pyebwa, ki enkli:

- Antre drenaj, ponso ak lòt estrikti drenaj ap enspekte epi netwaye anba debri ki akimile yo. Enspeksyon yo ap kontinye pandan tout evènman an.
- Patwouy woutin yo ap fèt pou asire sansibilizasyon sou kondisyon jeneral yo.
- Zouti pou repons ak inondasyon/debri (jeneratris, ponp, twonsonez, izin ekleraj, dechiketez, grapen, zouti manyèl, etc.) ap prepare pou ekspedisyon imedyà.

Tout ekipman repons pou lapli/van/ak inondasyon ki disponib yo prepare pou deplwaye. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,326 gwo kamyon abèn baskil
- 51 akseswa chajè a grapen
- 299 gwo chajè
- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 33 ekskavatris sou ray
- 43 ekskavatris sou wou
- 52 traktè trelè ak trelè lowboy
- 14 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl
- 36 kamyon siyal trafik
- 6 ponp dlo (4-6 pous)
- 77 kamyon dechiktez kapasite 10" (min)
- 50 jeneratè

Otorite Thruway

Otorite Thruway la genyen 655 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti, ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmte yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab yo, Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyo yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon meteyowolojik yo sou Thruway lan.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 212 Gwo Kamyon Baskil Abèn
- 102 Ti Kamyon Baskil Abèn
- 62 Gwo Chajè
- 28 Trelè
- 8 Vac Kamyon
- 9 Ekskavatris sou Ray
- 9 Ekskavatris sou Wou
- 10 Dechiktèz ak Bwòs
- 100 Twonsonez
- 24 Kamyon Ayeryen
- 22 Chajez ak Direksyon
- 87 Jeneratris Pòtab
- 69 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway (Thruway Authority) a ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan yo ekip rapid pou sovtajan nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe gade [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York genyen apeprè 5,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè eta a. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a ap genyen ekip rapid pou sovtajan nan dlo 12 moun ak bato ki pare pou deplwaman, ak yon ekip ki etabli nan Konte Ulster ak yon lòt nan Konte Broome. Twoup yo ap kontwole kondisyon yo deprè epi y ap atribye pèsònèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil touteren yo ak veyikil espesyalize yo, ki gen ladan Veyikil Touteren Sèvis Piblik yo, ap an sèvis.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) ak Kòporasyon Kanal Eta New York (New York State Canal Corporation)

Otorite Enèji New York la ak Kòporasyon Kanal Eta New York ap pran mezi pwoaktif pou prepare pou arive Depresyon Twopikal Ida a, ke yo prevwa k ap pote gwo lapli ak inondasyon rapid posib. Pèsònèl operasyon sit NYPA te reyalize pwosedi preparasyon tanpèt, enspekte ak teste ekipman, epi pèsònèl la rete sou plas pou kontinye prepare ekipman ak transmasyon enfrastruktir pou yo fè entèkansyon pandan tanpèt la. Reprezantan NYPA ak Kanal yo nan kontak deprè ak ofisyèl jesyon ijans eta, konte ak lokal yo pou kowòdone epi y ap kontinye kominike pandan tout evènman klimatik la. NYPA ap patisipe tou nan apèl planifikasyon pou asistans pou entèkansyon apre tanpèt la nan Louisiana ki lye ak tanpèt sa epi li rete prè pou voye pèsònèl transmasyon NYPA ak lòt pèsònèl si sa nesesè.

Canal Corporation

Pou prepare pou arive potansyèl Depresyon Twopikal Ida a, Canal Corporation leve baraj mobil li yo toutolon Canal Enrie ak Mohawk River ant Lock E-8 nan Rotterdam ak Lock E-12 nan Tribes Hill. Lè yo leve baraj mobil yo, sa bese nivo dlo yo e se yon aksyon ki nesesè pou ede diminye risk inondasyon potansyèl ak domaj nan resous Kanal yo. Canal Corporation te travay avèk marina yo, mèt veso, pwopriyetè waf, ak lòt moun pou avize yo sou risk potansyèl pou domaj nan nivo dlo ki bese yo ak move tan yo prevwa yo. Canal Corporation ap enfòmè piblik la jan sa nesesè nan alèt Avi I ap bay Maren yo. Manm piblik la ka enskri pou resevwa avi sa yo [isit la](#).

Otorite Transpò Metwopoliten

Otorite Transpò Metwopoliten an ap pran tout prekosyon ki nesesè pou pwoteje rezo transpò li a epi bay sèvis an tout sekirite. Tout ajans MTA yo ap travay deprè ansanm, nan kowòdone avèk patenè lokal yo pou devlope plan yo si sèvis yo ta va afekte. MTA ap mete ekipman derechany esansyèl disponib davans toupato nan tren yo, tren banlye yo, ansanm ak nan pon ak tinèl ajans lan. Nan tren yo, pèsònèl mentnans yo ap enspekte dren vwa yo nan zòn ki gen risk pou inonde yo, y ap verifiye epi mete an plas yon seri ponp ak bwat kont tanpèt.

MTA ankouraje kliyan yo pran plis prekosyon lè y ap vwayaje pandan gen gwo lapli ak gwo van. Sa enkli pou mete plis tan pou deplasman, pran plis prekosyon lè ou ap mache sou platfòm yo ak eskalye yo, veye pou kondisyon glise yo epi rete veyatif pou branch bwa ak fil ki anlè yo.

Otorite Pòtyè (Port Authority)

Otorite Pòtyè a kontinye kontwole kondisyon metewolojik yo nan tout enstalasyon li yo. Yo konseye pasaje yo kontakte transpòtè yo pou enfòmasyon sou vòl yo avan yo ale nan ayewopò a LaGuardia oswa John F. Kennedy Airport, paske liy ayeryèn yo prevwa reta ak anilasyon ki posib akòz tanpèt la. Gen restriksyon ak entèdiksyon kamyon ak motosiklèt ki posib k ap enpoze Otorite Pòtyè a pase si kondisyon gwo van yo egzije sa. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

Lòt konsèy sekirite

Prepare pou kondisyon meteyowolojik ki grav:

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la nan www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)